



Haitian Creole Edition
Grade 8 Mathematics, Book 1
March 13–17, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 1

Ane **8**

13–17 Mas 2006



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Egzanp A

Ki pi gran faktè komen pou 12, 18 ak 24?

- A 2
- B 3
- C 6
- D 12

Egzanp B


Senplifye ekspresyon anba a.

$$7x + 4 - 3x + 3$$

- F $10x + 1$
- G $10x + 7$
- H $4x + 1$
- J $4x + 7$

1Ki pi gran faktè komen $48x^2$ ak $72x^3$?

- A $12x^2$
- B $12x^3$
- C $24x^2$
- D $24x^3$


2Nan dyagram ki anba a, ki ang ki kongriyan avèk $\angle 5$?

- F $\angle 1$
- G $\angle 2$
- H $\angle 3$
- J $\angle 4$

Kontinye

3

Luther fè yon tab nan klas atelye li. Yo montre yon dyagram anwo tablo a anba a.



Ki mezi $\angle y$?

- A 45°
- B 55°
- C 135°
- D 145°

4

Yon pè sandal an vant avèk yon rabè 20% pri orijinal la. Si pri orijinal se \$16,00, ki pri lavant lan?

- F \$3,20
- G \$12,00
- H \$12,80
- J \$19,20

5 Multipliyé ekspresyon anba a.

$$-3x(x - 4)$$

- A** $-3x^2 - 4$
- B** $-3x^2 - 7$
- C** $-3x^2 - 12x$
- D** $-3x^2 + 12x$

6 Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$3x + 9x$$

- F** 12
- G** $12x$
- H** $12x^2$
- J** $12(x + x)$

7 Senplifye ekspresyon ki anba a.


$$\frac{24x^2y}{6xy^3}$$

- A** $18x^3y^4$
- B** $4xy^2$
- C** $\frac{4x}{y^2}$
- D** $\frac{18x^2}{y^2}$

Kontinye

8

Gary trase yon triyang sou kadriyaj kowòdone yo montre anba.



Si Gary reflete triyang lan nan aks y , ki nouvo kowòdone somè triyang lan?

- F** $(-1, -1), (4, -3), (-5, 1)$
- G** $(-1, -1), (-4, -3), (-5, -1)$
- H** $(-1, 1), (-4, 3), (5, -1)$
- J** $(1, 1), (4, 3), (5, 1)$


9

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$(3x^2 - 2x - 1) + (-2x^2 + 4)$$

- A** $x^2 + 3$
- B** $5x^2 + 3$
- C** $x^2 - 2x + 3$
- D** $5x^2 - 2x + 3$

10 Nan dyagram ki anba a, ki ang ki konplemantè?



- F** $\angle 3$ ak $\angle 1$
- G** $\angle 3$ ak $\angle 2$
- H** $\angle 3$ ak $\angle 4$
- J** $\angle 3$ ak $\angle 5$

11 Renée dwe rezoud ekwasyon $4x + 12 = 6x$. Si li soustrè $4x$ nan manm gòch ekwasyon an, kisa Renée ta dwe ekri nan manm dwat ekwasyon an?

- A** 2
- B** $2x$
- C** 10
- D** $10x$

Kontinje

12

Chat Mark yo manje 72 ons manje nan yon semenn. Konbyen liv manje chat Mark yo manje nan yon semenn?

$1 \text{ liv} = 16 \text{ ons}$

F $\frac{1}{4}$

G $3\frac{1}{2}$

H $4\frac{1}{2}$

J $7\frac{1}{4}$

13

Jordan genyen \$608 nan kont-depay li. Li retire 15% nan lajan an pou li peye pou rad lekòl. Ki **pi bon** estimasyon pou kantite lajan Jordan retire?

A \$40

B \$90

C \$400

D \$510


14



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Roberta ak fanmi li kondui soti Tucson pou ale Grand Canyon. Kat jeyografik a echèl la montre wout ak distans yo te fè.

Konbyen mil **a**peprè Roberta ak fanmi li te fè ant Tucson ak Phoenix?



- F 75
- G 100
- H 125
- J 150

Kontinye

15

Pri yon tòtiya, b , ak yon tako, a , mwens pase pri de tòtiya. Ki inegalite ki reprezante relasyon sa a?

- A** $b + a < 2b$
- B** $b + a < b^2$
- C** $2b < b + a$
- D** $b^2 < b + a$

16

Msyè Patel plen yon pisin avèk dlo. Lè li kòmanse, pisin nan te deja genyen 1.500 galon dlo. Tablo ki anba a montre kantite galon dlo ki nan pisin nan apre yo fin plen li pandan h èdtan.


RANPLISAJ PISIN NAN

Galon Dlo ki nan Pisin nan (g)	Kantite Èdtan (h)
1.500	0
2.100	1
2.700	2
3.300	3
3.900	4

Ki ekwasyon ki ka itilize pou detèmine kantite galon dlo, g , ki nan pisin nan apre h èdtan?

- F** $g = 600h$
- G** $g = 1.500h$
- H** $g = 1.500 + 600h$
- J** $g = 1.500h + 600$

- 17** Dwat j ak dwat k kwaze, jan sa endike anba a.



Ki pè ang ki kongriyan?

- A** $\angle S$ ak $\angle R$; $\angle T$ ak $\angle U$
- B** $\angle R$ ak $\angle T$; $\angle U$ ak $\angle S$
- C** $\angle T$ ak $\angle S$; $\angle U$ ak $\angle R$
- D** $\angle U$ ak $\angle T$; $\angle T$ ak $\angle S$

- 18** Omar vle rezoud ekwasyon $3x - 2 = 10$. Ki etap Omar ka swiv pou jwenn solisyon an?

- F** Adisyone 2 nan toulède manm yo. Answit, divize toulède manm yo pa 3.
- G** Divize toulède manm yo pa 3. Answit, adisyone 2 sou toulède manm yo.
- H** Soustrè 2 nan toulède manm yo. Answit, divize toulède manm yo pa 3.
- J** Miltipliye toulède manm yo pa 3. Answit, soustrè 2 nan toulède manm yo.

Kontinye


19

Chyen Janine nan peze twa liv mwens de fwa pwa, d , chyen Wanda a. Ki ekspresyon ki reprezante pwa chyen Janine nan?

- A $2 + d - 3$
- B $3 + d - 2$
- C $2d - 3$
- D $3 - 2d$

20

Nan dyagram ki anba a, \overleftrightarrow{NP} ak \overleftrightarrow{ST} paralèl, epi \overleftrightarrow{MQ} kwaze toulède dwat yo.




[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle x$?

- F 40°
- G 90°
- H 140°
- J 180°

21

Ana trase de figi sou kadriyaj kowòdone yo montre anba a.



Ki transfòmasyon Ana te aplike sou Figi A pou jwenn Figi B?

- A vire toutotou a 90°
- B dilate pa 6
- C reflete nan aks y
- D fè translasyon 6 inite agòch

22

Sòm yon nonb ak kare li enferyè oswa egal a twa. Ki inegalite ki reprezante relasyon sa a?

- F $n(n^2) < -3$
- G $n(n^2) \leq -3$
- H $n + n^2 < -3$
- J $n + n^2 \leq -3$

Kontinye

- 23** Tablo ki anba a montre yon relasyon ant x ak y .

x	2	5	6	9
y	6	9	10	13

Ki ekwasyon ki reprezante relasyon ant x ak y ?

- A** $y = 3x$
- B** $x = 3y$
- C** $y = x + 4$
- D** $x = y + 4$

- 24** Katie konvèti tanperati deyò a, degre Farennayt, F , an degre Sèlsiyis, C . Li sèvi ak fòmil anba a pou konvèti tanperati a.


$$(F - 32)\frac{5}{9} = C$$

Si tanperati deyò a se 50 degre Farennayt, ki tanperati deyò a an degre Sèlsiyis?

- F** 2
- G** 5
- H** 9
- J** 10

25

Nan dyagram ki anba a, \overleftrightarrow{JL} kwaze \overrightarrow{KM} nan pwen K.



[pa trase selon echèl la]

Ki mezi $\angle JKM$?


- A 30°
- B 60°
- C 120°
- D 180°

26

Carol vle gaye omwen \$150.00 pou òganizasyon charite li nan yon kous apye. L ap gaye \$20,00 pou patisipasyon li plis \$7,00 pou chak mil li fè ap kouri. Si m reprezante kantite mil li fè ap kouri, ki inegalite ki reprezante lajan Carol vle gaye a?

- F $7m + 20 \leq 150$
- G $7m + 20 \geq 150$
- H $20m + 7 \leq 150$
- J $20m + 7 \geq 150$

Kontinye

27Ki longè kote x nan triyang ki anba a?

[pa trase selon echèl la]

Teyorèm Pitagò:

$$c^2 = a^2 + b^2$$

- A 7
- B $\sqrt{7}$
- C 29
- D $\sqrt{29}$

RETE LA



Ane 8
Matematik
Liv 1

Grade 8
Mathematics
Book 1